



# Vaksen Novavax FAQ

## **Eske FDA apwouve vaksen sa?**

Wi! Resaman FDA te bay vaksen Novavax COVID-19 la otorizasyon itilizasyon ijans, pou itilize kòm de dòz seri pou granmoun 18 lane e plis. CDC te bay rekòmandasyon pou itilizasyon-l.

## **Èske vaksen sa tankou Moderna oswa Pfizer?**

Non! vaksen sa pa yon ARNm vaksen, depreferans li se yon vaksen sou-inite ki itilize pati nan viris la ki san danje ansanm ak yon engredyan ki rele adjuvan ki ede sistèm iminitè a reyaji kont viris a lavni.

## **Èske sa se yon nouvo (ki pa teste) tip vaksen?**

Non! Tip vaksen sa ap itilize pou plis pase 30 lane, li te kòmanse ak vaksen hepatitis B a. Li itilize tou pou kèk vaksen kont grip la (Flu) ak vaksen kont koklich!

## **Èske vaksen sa efikas kont tout varyan COVID-19 yo?**

Wi! Novavax te rapòte nan dat premye Jiyè ke vaksen an deklanche yon gwo repons iminitè kont tout varyan COVID yo, ni pou BA.5.

## **Èske mwen ka pran vaksen Novavax kòm yon vaksen rapèl?**

Non! ou poko kapab, li sèlman apwouve kounya pou itilize kòm premye e dezyèm dòz pou moun ki pa vaksinen kounye-a.